

# KOMITE SKOLÈ VIL BOSTON



## MEMORANDÒM

**POU :** Kamarad Manm Komite Skolè Boston yo  
**MESAJ :** Jeri Robinson, Prezidan  
**OSIJÈ :** Apatenans ak Responsabilite Komite Rechèch pou Nouvo Sipèntandan an  
**DAT :** 2 mas, 2022

---

Nan reyinyon espesyal Komite Skolè Boston an aswè a, m ap bay yon mizajou sou Pwosisyon Rechèch Sipèntandan an, k ap enkli yon lis konplè apatenans manm sila yo ki pwopoze pou Komite Rechèch pou Nouvo Sipèntandan an. Mwen vle remèsye w pou kòmantè w osijè kesyon apatenans lan. Nèf manm pwopoze yo reprezante yon konsèy administrasyon ak yon seri sikonskripsyon vas e divèsifye toupatou nan vil la ki reflekte fòs Boston. Moun sila yo ki enkli nan apatenans pwopoze a se :

- Paran ak elèv aktyèl Lekòl Piblik Boston yo ;
- Lidè lekòl sila yo ki gen yon eksperyans rich parapò a ansèyman ak eksperyans administratif nan nivo elemantè e segondè, avèk siksè ke yo montre nan kapasite yo pou yo retire yon lekòl nan kad redresman, ak eksperyans yo nan anviwònman enklizyon, ak nan rapò solid ant paran ak lekòl ;
- Divès lidè ki sot nan sendika pwofesè a ak kominote etid siperyè a ;
- Moun ki gen yon konpreyansyon pwofon sou nesesite elèv ki gen andikap ak sou anviwònman edikasyon espesyal ak elèv sila yo ki gen dezavantaj sosyoekonomik.
- Plizyè manm ki pale lòt lang apa de angle e ki konsantre sou divès bezwen popilasyon Elèv sila nou yo k ap Aprann Angle.

Apati semèn pwochen, Komite Rechèch la ap òganize yon seri sesyon chita tande piblik pou chèche jwenn kòmantè ak opinion gran piblik la konsènan divès kalite ke yo ta renmene wè lakay pwochen sipèntandan an. Ap genyen divès lòt opòtinite anplis pou n jwenn kòmantè gran piblik la osijè finalis yo, pi ta nan pwosisyon la. Epitou n ap lanse yon sondaj sou entènèt k ap traduit nan lang majè Lekòl Piblik Boston yo.

Konfòm a pratik presedan yo e konfòm a sa lwa entèn nou yo pèmèt, kowoperasyon sere sere

*Memo Komite Skolè Boston osijè : Apatenans ak Responsabilite Komite Rechèch pou Nouvo Sipèentandan an*

*2 Mas, 2022*

avèk majistra a osijè komite rechèch la rekòmande e li vo distri a lapèn. Sa rekonèt ke Sipèentandan an se yon manm Kabinè Majistra a tou, byenke Komite Skolè a anboche l, evalye l, e peye l, epi li responsab pou pati inik bidjè Vil la ki pi laj la, epi l sipèvize pi gwo kantite anplwaye vil la pase tout lòt manm Kabinè. Kidonk, konpozisyon komite rechèch la te fèt an konvèsasyon ak kowòperasyon avèk Majistra Michelle Wu ak ekip li.

Komite rechèch pwopoze a ap gen kòm prezidan : Doktè Pam Eddinger, Prezidan inivèsite Bunker Hill Community College, kolèg nou Lorena Lopera, ak elèv klas tèmininal lekòl Fenway High School, Marcus McNeill. W ap jwenn lis konplè divès manm komite rechèch la enkli nan pati anba a. Ma p fòmèlman prezante lis sa a pou konsiderasyon w nan reyinyon n ap fè aswè a. M ap mande Komite a pou li fè yon vòt osijè apatans konplè komite rechèch la aswè a, dekwa pou l kapab kòmanse travay tousuit. Komite Rechèch sa a, infwa ke l apwouve, ap kòmanse pwosesis pou l chèche, verifye, e redui lis kandida yo pou pòs sipèentandan an. Li gen kòm responsabilite spesifik pou li redui lis kandida a pou pòs sipèentandan an. Li gen kòm responsabilite spesifik pou li lonmen twa finalis pou Komite Skolè Boston an, Majistra Wu, ak gran piblik la pou yo kapab konsidere, ansanm avèk yon desizyon final ke Komite Skolè a va pran. Epitou, lidèchip Komite Skolè a arive dakò pou yo efòse yo pou fè pwosesis la otan transparan ke posib, nan fason l ap enkòpore opinion gran piblik la, pandan ke an menm tan, n ap prezève konfidansyalite (vi prive) kandida yo lòske sa nesèsè.

Nou atann etap yo dewoule nan fason suivan an, infwa ke Komite Skolè a fin apwouve yo :

**Mas-Avril:** Komite Rechèch la ap òganize yon seri sesyon chita tandè piblik pou l chèche jwenn kòmantè ak opinion gran piblik la konsènan kalite yo ta renmen wè lakay kandida yo, ansanm ak pwosesis entèvyou a ak pwosesis seleksyon an. Sa ap itil pou asire ke nou tandè divès vwa byen bonè nan pwosesis la. Yon ekip egzaminasyon RFP (demann pou pwopozisyon) ap egzamine pwopozisyon yo ki sot nan men kabinè rechèch sila yo ki te reponn RFP a, k ap gen 18 mas, 2022 kòm dènye delè.

**Avril :** Komite Skolè a ap apwouve yon kabinè rechèch, yon deskripsyon travay pou pòs sipèentandan an, epi l ap bay kandida kalifye yo yon koutfil.

**Avril-Me :** Kabinè rechèch la ap fini verifikasyon ak ankèt sou vi kandida yo ; Komite Rechèch la ap egzamine fòmilè demann yo e chwazi kèk kandida pou yo pase entèvyou nan sesyon egzektif la, dekwa pou n prezève konfidansyalite (vi prive) kandida yo. Aprè faz entèvyou a, Komite Rechèch la ap chwazi finalis yo pou l prezante yo piblikman.

**Kòmansman Jen jiska fen Jen :** Komite Skolè a ap anonse kandida final yo ak orè entèvyou final yo. Entèvyou piblik pou finalis yo.

**Fen Jen :** Komite Skolè a ap vote pou yon kandida pou ofri li pòs Sipèentandan an.

*Memo Komite Skolè Boston osijè : Apatenans ak Responsabilite Komite Rechèch pou Nouvo Sipèentandan an*

*2 Mas, 2022*

Konfòm a pratik presedan yo ki sot nan divès rechèch presedan, m ap mande pou nou apwouve Komite Rechèch la, manm li yo (apatenans li yo), responsabilite l yo, ak kalandriye li, nan menm sware nou prezante li fòmèlman an, pou pèmèt Komite a kòmanse pwosesis yo a pi vit ke posib.

Mwen ta renmen pwopoze pou n gen twa ko-prezidan : Doktè Eddinger, Madam Lopera, ak Marcus McNeill - yon edikatis, yon manm Komite Skolè a, ak yon elèv. Sa se yon bon apwòch pou jan de antrepriz sa a nan moman sa a.

### **Komite Rechèch pou Chèche Nouvo Sipèentandan Lekòl Piblik Boston an pou 2022**

- **Doktè Pam Eddinger, Ko-Prezidan**

Prezidan, Bunker Hill Community College (kolèj/inivèsite)

- **Roxi Harvey**

Prezidan, Konsèy Konsiltatif Paran Elèv ki nan Edikasyon Espesyal (SpedPac)

- **Lorena Lopera, Ko-Prezidan**

Manm, Komite Skolè Boston ak Direktris Egzekitiv òganizasyon «Latinos for Education» (Latino pou Edikasyon), nan New England

- **Marcus McNeill, Ko-Prezidan**

Elèv klas tèminal (12yèm ane), lekòl Fenway High School

- **Michael O'Neill**

Vis Prezidan, Komite Skolè Boston ak Vis Prezidan Egzekitif, Zozimus

- **Doktè Carline Pignato**

Direktris, lekòl Channing Elementary School ak manm, Gwoup Travay pou Redui Mankman nan Opòtinite ak Reyisit

- **Gene Roundtree**

Dezyèm Sipèentandan, Lekòl Piblik Boston

- **Jessica Tang**

Prezidan, Sendika Pwofesè Boston yo (Boston Teachers Union)

- **José Valenzuela**, pwofesè istwa klas 11yèm ak 12yèm ane nan lekòl Boston Latin Academy

Mwen espere patisipe nan reyinyon aswè a, e avanse travay kritik sa a pou byenèt elèv nou yo.